

# Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



## Konprann Pwen Enpòtan SSI: Byen ou Bezwen pou Vin Endepandan



### Pou kisa resous yo enpòtan pou SSI?

**Resous** se tout sa ou posede epi ou jwenn lajan kach pou yo. Pou jwenn benefis SSI, sa w posede nou konsidere yo dwe vo \$2000 oswa mwens pou yon moun, oswa \$3000 oswa mwens pou yon koup.

*Se pa tout sa w posede ki konsidere kòm resous pou SSI.  
Li posib pou moun ki gen biznis resevwa benefis SSI.*

### Èske byen ou bezwen pou vin endepandan konsidere kòm yon resous pou SSI?

Nou pa janm konsidere kèk byen ou posede ak itilize kòm yon resous. Pa egzanp:

- ▶ byen ou posede ak itilize nan yon metye oswa yon biznis, tankou yon ponp gaz, fèm, stidyo bote;
- ▶ byen pèsonèl ou itilize pou travay, tankou zouti, inifòm oswa ekipman pwoteksyon; oswa
- ▶ pèmi gouvènman pou kite w fè yon bagay pou reyalize revni; tankou pèmi pou lapèch komèsyal oswa pou plante tabak.
- ▶ Kèk byen ka konsidere men souvan nou pa konsidere yo, oswa nou ka eskli yo anpati, tankou:
- ▶ pwopriyete ou itilize pou pwodwi byen ak sèvis ou bezwen nan aktivite lavi toulejou, tankou tè, oswa ekipman ou itilize pou plante legim oswa pou elve betay ou menm ak fanmi ou manje; oswa
- ▶ byen ki pa komèsyal ou itilize pou reyalize revni tankou tè, byen imobiliye oswa ekipman ou lwe yon moun.

Lòt byen ou posede ka pa konsidere pou benefis SSI.